

1. Wenehana tandha ping (x) aksara a, b, c, Gatekna geguritan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomer 1-2.

Guruku
dening: Sutapa, W.R

Wingi nalika sikil iki
Tumapak sandhuwure bumi
Durung paja-paja ngerti ha, na, ca, ra, ka
Alip, ba', ta', apa dene good morning teacher!
Lumakuning srengenge wis ganti
Panyawangku dadi padhang
Terawangan
Rasaku sangsaya ...
Ora bisa dakgambarake
Sih tresnamu nabet njanget
Sajroning atiku
Lamun tanpa panjenengan
Bisa apa aku nepaki bumi iki?
Leladimu marang aku
Ora timbang karo piwalesku

1. Geguritan ing ndhuwur kaanggit dening
 - a. Sutapa WR
 - b. Ratna Dwi
 - c. Slamet SA
 - d. Marsinah
2. Geguritan ing ndhuwur awujudake kanggo
 - a. ibu
 - b. bapak
 - c. guru
 - d. kanca dolan
3. Paragane pandhawa sing nduweni watak sabar lan jujur yaiku
 - a. Janaka
 - b. Nakula
 - c. Sadewa
 - d. Yudhistira
4. Raden Werkudara iku nduweni watak
 - a. gampang nesu
 - b. gemi
 - c. wani lan lugu
 - d. dhemen tetulung
5. Ragile Pandhawa yaiku
 - a. Werkudara
 - b. Janaka
 - c. Yudhistira
 - d. Sadewa

utawa d ana ing wangsulan kang bener!

Wacanen kanti teliti wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 6-10.

Nemu Dompet

Mulih sekolah Anjas karo Siti mlaku rindhik-rindhik amarga wis kesel. Nalika ana ing tengah dalan Anjas nemu dompet kulit warnane soklat. Bocah loro mau ora seneng amarga oleh dompet nanging malah pada bingung. Anjas lan Siti bingung arep dibalikake menyang sapa dompet mau. Sanalika Siti banjur akon Anjas buka dompet mau supaya reti dompet mau kagungane sapa. Anjas buka dompet mau banjur maca KTP kang ana ing sajeroning dompet.

Anjas lan Siti saiki reti dompet mau kagungane sapa. Dompot mau kagungane Pakdhe Dalman, amarga nang jerone dompet mau ana KTP ne Pakdhe Dalman. Bareng wis mangerteni yen dompet mau kagungane Pakdhe Dalman, Anjas lan Siti mulih sekolah ora langsung bali mara omahe dhewe-dhewe nanging langsung balikke dompet mau ana daleme Pakdhe Dalman. Daleme Pakdhe Dalman ora adoh saka omahe Anjas. Mung watara keletan limang omah saka omahe Anjas.

Satekane ana daleme Pakdhe Dalman, bocah loro mau banjur uluk salam. Saka jero omah keprungu wangsulan salam, ora let sue Pakdhe Dalman metu omah. Siti banjur jelasne karo Pakdhe Dalman yen Anjas lan dheweke nemu dompet Pakdhe Dalman ana ing dalan. Anjas banjur ngaturake dompet mau marang Pakdhe Dalman. Pakdhe Dalman seneng banget atine amarga dompete ketemu. Bocah loro mau diwenehi duit karo Pakdhe Dalman amarga wis duweni watak jujur gelem balikake dompet kang wis ditemu ana dalan. Anjas lan Siti karepe ora gelem nerima duit mau amarga bocah loro mau ikhlas balikake dompet mau. Nanging Pakdhe Dalman tetep meksa supaya duit mau ditampa. Siti lan Anjas banjur pamit mulih ana ing omahe dhewe-dhewe.

6. Anjas karo Siti nemu dompet
 - a. Pakdhe Dalman
 - b. Anjas karo Siti
 - c. Siti
 - d. Anjas

7. Carane mangerteni dompet mau kagungane sapa yaiku
 - a. takon Pak Polisi
 - b. maca KTP kang ana ing njero dompet
 - c. takon wong liwat
 - d. takon kancane
8. Bocah loro mau ora seneng amarga oleh dompet. Tembung "seneng" dasanamane yaiku
 - a. susah
 - b. tindak
 - c. lunga
 - d. bungah
9. Daleme Pakdhe Dalman ora adoh saka omahe Anjas. Tembung "daleme" dasanamane yaiku
 - a. dalan
 - b. griya
 - c. panggon
 - d. undhak-undhakan
10. Bocah kang bekti marang wong tuwa iku mesti
 - a. seneng dolan
 - b. seneng mbantu wong tuwa
 - c. wangsulan menawa dikandani
 - d. seneng ngapusi
11. Titikaning budi pakerti kang luhur, yaiku
 - a. alusing solah bawa
 - b. seneng ngapusi
 - c. seneng nyolong
 - d. bolosan
12. Geguritan iku nganggo basa kang
 - a. endah
 - b. aneh
 - c. ora dimangerteni
 - d. alus banget
13. Ing ngisor iki watak kang kudu diduweni karo penari, *kajaba*
 - a. disiplin
 - b. sregep
 - c. ngeyelan
 - d. sabar
14. Kang *ora* kalebu tari tradhisional, yaiku
 - a. Gambyong
 - b. Srimpi
 - c. Bedhaya Ketawang
 - d. Poco-Poco
15. Puisi nganggo basa Jawa diarani
 - a. geguritan
 - b. pantun
 - c. syair
 - d. paribasan
16. Pambarepe Pandhawa yaiku
 - a. Yudhistira
 - b. Nakula
 - c. Janaka
 - d. Werkudara
17. Yudhistira iku Pandhawa kang nomer
 - a. 2
 - b. 3
 - c. 4
 - d. 1
18. Pandhawa iku cacahane ana
 - a. 6
 - b. 10
 - c. 5
 - d. 15
19. Sambatan yaiku
 - a. nyambut gawe sregep
 - b. nyambut gawe dewe
 - c. nyambut gawe bebarengan
 - d. nyambut gawe karo ngeluh
20. Yen Riri kuwi adus, menawi bapak nembe
 - a. dhahar
 - b. siram
 - c. tilem
 - d. ngunjuk